ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№228-229 (21.387)● 2008 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хьэщІэхэр иргъэблагъэ.
Сурэтыр МАМИЙ Руслан *трихащ.*

Тыркум щыщ Іуэхущэхьэхэр хьэзырщ КЪБР-м щылэжьэну

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къайсэр къалэм и Іэтащхьэ Озхасеки Мехметрэ щыізэхуэзэм зэгурыІуащ КЪБР-мрэ Тыркумрэ я сату-экономикэ Іуэхущапі Іэхэр кьызэрагъэпэщыну. Апхуэдизу абыхэм жаІащ льэныкьуитІыр экономикэм и Іэнатіэм зэрыщызэдэлажьэным теухуа Іуэху пыухыкІахэр 2009 гъэм и гъатхэм ирихьэлІэу зегъэхьэзырыну.

КъАНОКЪУЭ Арсен хьэщІэхэр гуапэу иригъэблагъэри, жиІащ промышленникхэмрэ хьэрычэт лэжьакІуэхэмрэ зыхэт делегацэр кьызэрыкІыуэм республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «КъуэшыгъэкІэ дызыпыщІа кьалэм щыпсэуэхэр блэкІа ильэсхэм кьриубыдэу дэ икьукІэ гъунэгъу тхуэхьуащ. Псом хуэмыдэу дэ дыщогуфІыкІ, финансыр Іуэхуэхэр дуней псом зэрыщызэпыхьам кьыхэкІыу бизнесым и Іэнатіэм пэрытхэм проект гуэрхэр ягъэзэщІэну мы зэманым темыгушхуэ пэтми, Налшык фыкъыкІуэну дыкьызэрыгъэгуфІэу щыІам тету фыкьызэреблэгъам», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Озхасеки Мехмет КъБР-м и Президентым хьэщІагъэ кьазэрырихам, гулыпІэ хэха кьазэрыхуищІам папщІэ фІыщІэ хуищІащ. Абы жиІащ республикэм щыхуи 100-м щигъу кьэжІуэну загъэхьэзырауэ зэрыщытар. Ауэ финанс Іуэхуэхэр зэрызэІыхьам кьыхэкІыу язынкьуэ бизнесменхэр кьызэтеувыІэжащ, зы ипхъэ-ильэситІ хуэдизкІэ проектыщІэхэм зэрытемыгушхуэфынум кьыхэкІыу.

«Кризисыр дэ зэкІэ кьыгЪльэІэсакьым, - кьыхэпсІащ хьэхуІащ КЪБР-м и Президентым, - икІи иужьрей ильэсищым кьриубыдэу республикэм и экономикэмрэ финансхэмрэ зэпІэзэрыту зэрызэтувэжам, бюджетым зэрыхэхьуам, щыхуэ зэрыттемытымыжым я фІыщІэкІэ дэ льэхъэнэ гуГъуэ дыхимышльэфащу кьызэдэнэкІыфыну догуГъэ. АтІэми, ди кьэралым иджыпсту кьуэд щыізэфІагъэкІ экономикэм мыпхьу кьэзылэжь и Іэнатіэмрэ хьэрычэт Іуэху мыщІэрыщымыльапІэм кьыхэкІыу».

Къанокъуэ Арсен акьылэгъу хьуащ, лэжьапІэ Іэнатіэхэр кьызэгъэпэщыным льэныкьуитІыр экономикэм и Іэнатіэм зэрыщыізэдэлажьэным теухуа Іуэху пыухыкІахэр 2009 гъэм и гъатхэм ирихьэлІэу зегъэхьэзырыну.

КъАНОКЪУЭ Арсен хьэщІэхэр гуапэу иригъэблагъэри, жиІащ промышленникхэмрэ хьэрычэт лэжьакІуэхэмрэ зыхэт делегацэр кьызэрыкІыуэм республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «КъуэшыгъэкІэ дызыпыщІа кьалэм щыпсэуэхэр блэкІа ильэсхэм кьриубыдэу дэ икьукІэ гъунэгъу тхуэхьуащ. Псом хуэмыдэу дэ дыщогуфІыкІ, финанс Іуэхуэхэр дуней псом зэрыщызэпыхьам кьыхэкІыу бизнесым и Іэнатіэм пэрытхэм проект гуэрхэр ягъэзэщІэну мы зэманым темыгушхуэ пэтми, Налшык фыкъыкІуэну дыкьызэрыгъэгуфІэу щыІам тету фыкьызэреблэгъам», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Озхасеки Мехмет КъБР-м и Президентым хьэщІагъэ кьазэрырихам, гулыпІэ хэха кьазэрыхуищІам папщІэ фІыщІэ хуищІащ. Абы жиІащ республикэм щыхуи 100-м щигъу кьэжІуэну загъэхьэзырауэ зэрыщытар. Ауэ финанс Іуэхуэхэр зэрызэІыхьам кьыхэкІыу язынкьуэ бизнесменхэр кьызэтеувыІэжащ, зы ипхъэ-ильэситІ хуэдизкІэ проектыщІэхэм зэрытемыгушхуэфынум кьыхэкІыу.

«Кризисыр дэ зэкІэ кьыгЪльэІэсакьым, - кьыхэпсІащ хьэхуІащ КЪБР-м и Президентым, - икІи иужьрей ильэсищым кьриубыдэу республикэм и экономикэмрэ финансхэмрэ зэпІэзэрыту зэрызэтувэжам, бюджетым зэрыхэхьуам, щыхуэ зэрыттемытымыжым я фІыщІэкІэ дэ льэхъэнэ гуГъуэ дыхимышльэфащу кьызэдэнэкІыфыну догуГъэ. АтІэми, ди кьэралым иджыпсту кьуэд щыізэфІагъэкІ экономикэм мыпхьу кьэзылэжь и Іэнатіэмрэ хьэрычэт Іуэху мыщІэрыщымыльапІэм кьыхэкІыу».

Къанокъуэ Арсен акьылэгъу хьуащ, лэжьапІэ Іэнатіэхэр кьызэгъэпэщыным льэныкьуитІыр экономикэм и Іэнатіэм зэрыщызэдэлажьэным теухуа Іуэху пыухыкІахэр 2009 гъэм и гъатхэм ирихьэлІэу зегъэхьэзырыну.

ЗэлъашІэ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и апэ кьуэдзэ **Тхьэзэпльыкь Мурат**, Къайсэр, Бурсэ кьалэхэм я Іэтащхьэ щыта **Джамболэт (Яхэгуауэ) Нихьэт**, Къайсэр и Сату палатэм и тхьэмадэ **Али Кильджы Хьэсэн** сымэ.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапі Іэм и унафэщі.

●Зэлущіэхэр

Къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзэщІэнур хах

Дыгъуасэ Налшык кьалэ администрацэм щекІуэкІащ кьалэ Советым и сессие. Абы хэтащ КъБР-м и Президентым и лЫкІуэ КъБР-м и Парламентым, суд Іуэхущапі Іэхэм щыІэ Къуэшырокъуэ Залым, Налшык кьалэ округым и щыпІэ самоуправленэм и депутатэхэр, Белая Речкэ, Хьэсэней, Кенжэ, Іэдникъ жылагъуэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Хьэгъэс Залымджэрий

КЪУЭШЫРОКЪУЭМ жиІащ Налшык кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ кьулыкъур пІальэкІэ игъэзэщІэну а администрацэм и Іэтащхьэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий Іэбзед и кьуэр КЪБР-м и Президентым кьызэригъэльаІуэр.

Абы кьыхигъэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Налшык ди республикэм и кьалащхьэу зэрыщытыр кьильытэкІэрэ, гулыпІэ хха сыт щыгъуи зэрыхущІар. «Экономикэ, политикэ я льэныкьуэкІ КъБР-м щыщІэ щытыкІэр япэу зыдэплъагъур Налшыкыу зэрыщытыр кьэпльытэмэ, япэу зэгугъупхъэри арагъэнщ. Іуэхугъэ кьуэд зэпэпльытыпи хуей мэхъу мыпхуэдэ кьалэн щыбгъэзащІэкІэ. Абы кьыхэкІкІэ, Къанокъуэ Арсен Хьэгъэсым и Іуэхуэ-Іафэхэр, лэжьыгъэм хуиІэ жыдджэрагьыр, езым и хьэлщэныр зэпилъытри, а кандидатурэр кьигъэлъэгъащ. Ар кьэфлыгъэу кьыхэтлъха Іуэхуэр кьыддэфІыгъыну ди гуапэщ», - жиІащ Къуэшырокъуэм.

Кьалэ администрацэм и Іэтащхьэр кьыхэхьныжмкІэ зэпеуэр екІуэкІыу, а кьулыкъур Хьэгъэс Залымджэрий пІальэкІэ зэрихьэныр и тельхьэхэм ар ІэГэткІэ кьагъэлъэгъащ. Ар лэжьыгъэм зэрыпэльащІуэр, и пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэм жэуаплныгъэ хэлъу зэрыпэрытынур я фІэщ зэрыхъэр кьыхэщу кьэпсэльащ щІыпІэ самоуправленэм и депутат зыбжанэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

●Дин Іуэху

Хьэжыщ І макІуэ

и мылькум кьыхэкІащ.

- ХьэжыщІхэм я Іуэхум текІуэдэну ахьыщэ зэрыщыту и пщэм дилъхьажыну Президентыр хьэзырт, ауэ абы кІуэ цІыхуэм езым и мыльку гуэр кьимыгъэсэбэну мыхъуну дэ кьэтлыгащ, - жеІэ Пщыхьэщ Іэнас.

Амман икІыу автобускІэ Саудей Хьэрыпым зэрыкІуэну кьызэрыкІуэжыну ахъщэращ абы зи гугъу ищІыр.

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьаэзыдэпыкьуам и фІыгъэкІэ, мы гъэм хьэжыщІ кІуэфахэм я бжыгъэр хуэдитІкІэ нэхьыбэщ.

ГЪУЩІО Зариф.

Гугъуехьри гугъэри зэщІыгъуу

●Шэджэм куейм

Шэджэм куейм и «Албир» кооперативыр нобэ нэхъыбІу зызыужьа Іэнатіэ мыинхэм хабж.

МЫБЫ щІыуэ иІыгъыр гектар 500 кьудейщ, итІани мы ильэсым зы гуэдз гектарым хуэзэу центнер 43-рэ, хьэм 32-рэ кьытрихащ. Гъавэ бэн зыІэрыгъэхьэгъуафІэкъым, ауэ кооперативым и лэжьакІуэхэм псом хуэмыдэу кьатекьэлъэр гъэсыныпхъэмрэ щыгъэнщэрэмрэ я уасэр ямылейуэ зэрыхагъахьэурэ, абы пэхьункІэ Іэмал имыІэу гугъуехькІэ кьрахьэлІэ гъавэр зэрыпудырщ.

«Бжьыхьэсэ хьэр и чэзум тхуэщащ, ауэ нартыхум сурэт льэпкъ иЕкъым. Абыхэм кьыщІэтх сомрат бжьыхьэсэри гъатхасэри зыщыщІгъэугъар», - жеІэ «Албир» ПК-м и унафэщІ Алэхъей Йнал. Тхьэусыхэу зэхэмысу, ІуэхущапІэм и зэфІэкІ псори ирихьэлІэри, бжьыхьэсэри и чэзум зэфІиГъэкІащ: гуэдзыр хисащ гектар 400-м, хьэри абы ноблагъэ. Апхуэдэу куэдкІэ щогугъ пхъэщхьэмыщІхьэ хадэщІэми. ГектаринщІым щыхаса мыІэрысейхэмрэ кьыпщІейхэмрэ итльэситІ дэкІмэ кьапыкІэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэр.

ЦІыхухэр дэІэпыкъуэгъу къахуохъу

ахъшэ джэгупІэхэр сэтей къэщІынымкІэ

Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэуухэр хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІуэхэм ядоІэпыкьу ахъшэкІэ щыщжэгу Іуэхущапі Іэхэр хабзэм ямыгъэгъэу зэрагъэлажьэр кьыщІэгъэщынымкІэ. Щыхуэхэр телефонкІэ кьэпсальэуэр, КъБР-м и Президентым и деж Коррупцэм ебэныныкмкІэ кьыщыІэІуаха линэм и льэт кьыбарэм ящэ ятІкІэ кьэпщытэныгъэ зыжкІэ ирагъэкІуэкІри, хабзэм кьемызгъэну ягъэлажьэ ахъшэ джэгупІэу щы аргуэру зэхуэщІыжащ.

АБЫХЭМ языхэзыр Прохладнэ кьалэм и Свободэ зэрамыр тет унэ №274-м щагъэлажьэрт. Хабзэр кьэзэпсыудыкІэ административнэ жэуапым ешэлэным теухуа протоколхэр ятхащ. Кьэпщытэныгъэм кьрикІуэхэм ящыща документхэр зыхуэфащэ унафэ кьищтэн папщІэ судым ягъэхьащ.

Иджыри зэ фигу кьэдгъэкІыжыну дыхуейт букмекер конторэхэмрэ тотализаторхэмрэ нэмыщІ, цІыхуэхэр зытхъэжьу адрей ахъшэ джэгуІэкІэр республикэм и щыналъэ щыщу икІи щагъэжьауэкІэну 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ зэрыхуимытым теухуа Указ КъБР-м и Президентым кьыдигъэкІауэ зэрыщытар.

КъБР-м и Президентым коррупцэм ебэныныкмкІэ и телефон линэр жэщи махуи жэлажьэ. Налшык щыІэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ сытым дежи фыкъсалъэу хьыбар егъэщІэ хьунуи Іулъхьэ зэрыІэзэпэхьмкІэ, кьулыкъущІэм я щхьэ ІуэхущІэ кьызэрагъэсэбэпымкІэ, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудымкІэ. Апхуэдэ хьыбархэр зэхагъэкІын папщІэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ягъэхь. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкІам и цІэр хэІущІыІу ящІыркъым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапі Іэ.

Апхуэдэ я пщэ кьыдэхуэркъым

КЪЭРЭЩЭЙ-ШЭРДЖЭС. *КъШР-мрэ Ставрополь краймрэ я мусылмэнхэм я дин Іуэхущапі Іэм и унафэщІ Бердиев Исмэхьиу-Хьэжы щІыналъэм щынагъэуцнагъэ кьыщыгъэпэщыщым республикэм и дин зэгурыІуэныгъэхэм я льэныкъуэкІэ хэтын хуейуэ кьыхэлыпримкІ.*

«ДИН ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭХЭМ я лЫкІуэхэм Іуэхум сэбэн куэд халъхьэнкІи мэхъу, ауэ абыхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэща зэрыхьунур си нэгу кьыхсухІэгъэхьэркъым. ЩІыналъэм щынагъэуцнагъэ щыщыізэгъэщІынымрэ зи пщэ кьыдэхуэр кьэрал властырщ. Абы и кьалэнхэр хьарзынэу егъэзащІэ икІи зэран дыщІыхьэхьун щыІэу си гугъэкъым. Арыншами, щІыналъэм щымамырщ», - жиІащ Бердиев Исмэхьиу-Хьэжы.

Ветеранхэр ягъэпажэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущапі Іэм кьызэритамкІэ, Тхьэжьыщыо Аслъэнджэрий ВАЗ-2107 машинэ псынщІэ 56-рэ иджыблагъэ яритащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, абы ныкъуэдкІыжу ныкъуахэм.*

«МАШИНЭ псынщІэхэмрэ абыхэм я пІэкІэ фэтта ахъшэмрэ мащІэщ, фэ къэвгъэлъэгъуа хахуагъэм, Хэку зауэшхуэм щыізефхьа ЛІыгъэм елытагъэ. Мамырыгъэр щІыналъэм кьытхуэзыхьыжа нэхьыжьфІхэм кьытхуэфащэр щІэбгъэзэн зэи тщыгъупщэнкьымэ», - жиІащ Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий.

ЛъэІукІэ зыхуагъазэ

АБХЪАЗ. *Тыркум щыпсэу абхъазхэм иджыблагъэ лъэІукІэ зыхуагъазэхэм и Лъэпкъ собранэм, премьер-министрым, щыналъэм иогъэущІ къэраз Іуэхуэхмкі и министрым, транспортымрэ коммуникацыхмкІэ и министрым, Абхъазымрэ Тыркуемрэ транспорт дкъуэгъэльэгъэ щагъэтыжыну, тенджиз, хьуэ зэпыщІэныгъэр щрагъэжьэну.*

«МЫ ТХЫГЪЭМ Іэ щІэзыдзахэр Абхъазым дыпыщІащ лъэпкъкІэ, благъагъэкІэ, лжьыгъэкІэ. Абы кьыхэкІыу дыныволъэІу Трабзонрэ Сыхьхумрэ зэпыщІэ тенджиз гъэгъэр зІыфхьажыну. Истамбылрэ Сыхьхумрэ я хьэуа зэпыщІэныгъэхэр евгъэжьажыну. Ди аджэ щыналъэм дыкІуэну итІанэ нэхъ тынш хъунут.

Тыркумрэ Абхъазымрэ я зэныбжьыгъгъэр, зэкономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр зэрефІэкІуэнум ар щэсыпІэ зэрыхъэхуэнум щэч кьытетхъэркъым», - дыкьыщоджэ зэрызыхъагъазэм.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Евробюджетым хагъахъуэ

Евробанкым и дунейпсо экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, дунейпсо финанс гъэпсыкІэр щытыкІэ нэхъ гугъу дыдэм кьыщыхутэнур етІанэгъэщ, 1980 гъэ лъандэрэ ар зыІуэмыуа Іуэхугъуэ хьэпльэхэр кьыхуэхъуэкІынкІэ хъунущ.

Абы тращІыхьри, 2009 гъэм и бюджетым проценти 2,4-кІэ хагъэхъуащ. Иджы ар еврэ мелард 290-рэ мэхъу.

СудкІэ егъэшынэ

Урысейм и «Газпромым» иритыжьын хуейуэ телъ щыхуэм пыщІа Іуэху пори зэфІигъэкІын папщІэ, Украинэм махуэм пІалъэ ратауэ аращ.

Абыкі Іэ гъубж кІуам Москва щызэгурыІуащ Украинэм и концерным и унафэщІ Дубин Олегрэ Урысейм и газ Іуэхущапіэм и унафэщІ Миллер Алексейрэ. Нэхъапэ Іуэкі Іэ «Газпромым» щыжаІащ, щІыхуэр зэримытыжьым кьыхэкІыу, Стокгольм щыІэ арбитраж судым Украинэм и Іуэхуэр иратыну зэрагъэхьэзырар.

Аэропортыр яубыдащ

Таиландым демократие щыгъэувыным и телъхьэр правительствэм пещІэуэрахэм я яубыдащ Бангкок и Суваннабхуми аэропортым зыхьэу дуней псом пыщІэ терминалэхэр.

Абы кьыхэкІыу «Трансаэро» Іуэхущапіэм Таиландым кІуэ кхъухьлъатэ зыбжанэм я зэманыр игъэІэпэхьащ. Бангкок и Суваннапум аэропортри зэхуащІыпащ, кьалэм щекІуэкІ зэрыхьэзэрйм и зэранкІэ. Таиландым кьаІэтащІыж щІыхуэр гугъу йохь. Кьалэм кьикІыу аэропортым кьакІуэ туристхэм хьэпэшып хьэлъэхэр зэраІыгъыу лъэсу километритІ-щ кьакІуэн хуей мэхъу.

Я гъэтІылъыгъэхэр хахыж

Урысейм и Ахъшэ хьумащІэм Іуэхущапіэ зэхуэмыдэхэм я гъэтІылъыгъэхэр хэльэм щыщу сом мелард 95-рэ хахыжащ. Щэкіуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу щІыху щхьэхуэхэм я гъэтІылъыгъэу Сбербанкым кьыІахьжар сом ме-ларди 111,9-рэ мэхъу.

Апхуэдизу тегупІэу щІыхуэхэми Іуэхущапіэхэми я ахъшэр банкым щІыхахьжам иІэр зы щхьэусыгъуэщ: дунейпсо финанс кризисым я ахъшэр зэфІихьыныкІэ мэщынэ. Ауэ ахъшэр я счетхэм хэзылъхьэжаи щІэщ. Ар къыщІыхъуар сом мин 700-р, сыт къэмахъуами, къэралым ихьумэну, цІыхухэм яритыжыну Къэрал Думэм хабзэ кьищта нужьщ.

(РИА-НОВОСТИ).

Мы махуэхэм

ЩэкІуэгъуэм и 27, *махуэку*

◆ **Урысейм и тенджыз лъэсырыдзэм и махуэщ.** Ар 1995 гъэ лъандэрэ ягъэлапІэ, УФ-м и ВМФ-м и главкомым кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ. А махуэр и фэепльщ Урысейм и «хыдзэлІ сэлэтхэм я полк» кьызэгъэпэщын хуейуэ Петр I кьищтауэ щыта унафэм.

◆ США-м щагъэлъапІэ фІыщІэ щащІ махуэр. Ар сыт щыгъуи тохуэ щэкІуэгъуэм и епІанэ махуэкъм.

◆ ЩэкІуэгъуэм и 27 - 28-хэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ атом кьаурмкІэ Дунейпсо агентствэм и унафэщІхэм я Советым (МАГАТЭ) и зэІущІэ.

◆ ЩэкІуэгъуэм и 27 - 28-хэм Брюссель (Бельгие) щызэІущІэнущ Европэ союзым хьыхьэ кьэралхэм транспортымрэ коммуникацэхэмкІэ, юстициэмкІэ я министрхэр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 15-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 33-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъыщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 15-рэ.**

ЩэкІуэгъуэм и 28, *мэрем*

◆ Албание Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ. 1944 гъэм а кьэралым фашист зэрыпхъуакІуэхэр зэрыразухэм и фэепльщ.

◆ Мавритание Исламым Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - щхьэхуит щыхьуа махуэщ (1960).

◆ Иджэс 65-рэ и пэкІэ (1943 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м щыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и І хьуху) Тегеран щызэхэтащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щызэрыубыда СССР-м, США-м, Инджылызым я унафэщІхэм я зэІущІэ.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 16-м, кьухьэкьынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 32-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъыщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 16-рэ.**

ПІанэнэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зариф.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зы щІым пэжищэ егъэуЛЫт.

●Тхьытыщіэхэр

Зыкіи нэхъ кІащхъэ хъуакъым

И мурадхэм я нэхъыбэм хуэмысауэ, и кьару илыгъуэу, 1988 гъэм дунейм ехьажащ усакІуэ цІэрыІуэ Гъубжокъуэ Лиуан. Абы льэндзэрэ зыкІи нэхъ кІащхъэ хъуакъым Лиуан кьыздэриІэ усыгъэхэр. Зэманым фагъуэ щэхъукІ тхыгъэхэм ящыщкьым абы и кьалэмыпэм кьыщІэкІа усэ телъыджхэр.

ГЪУБЖОКЪУЭР ящыщащ гъащІэм и уэрыпІэмрэ и кууупІэмрэ кьыщІэзыгъэльэф, зи гурыщІэр кьабзэ, зи бзэр щэрыуэ, зи псальэр щІэщыгъэу усакІуэ набзэгъубзапльэхэм. Апхуэдэущ ар ди литературэм и тхыдэм кьызэрыкІэнар. Лиуан и дэтхэнэ усэри гъэнщІащ гупсысэ кууРэ гъащІэм и пэжыпІэкІэ. Аращ щыхьэт зы-техьэуэр нобэ ятхауэ фІэкІ кьыпщымыкьу «Адыгэ шы фІэдзапІэ», «Льахъэ и щІыхуэ», «Шэпсы и Іуфэм», «Жэщ гупсысэхэр», «Шэрэдж толькьунхэр» усэхэр.

Апхуэдэ усэ купщафІэ куэд кьызэриренэкІащ Лиуан. Абыхэм я фІыпІэр щызэхуэхьэсащ иджыблагъэ кьыдэкІа «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» тхыпльм. Куэд щІауэ дызыщыгъуаз тхыгъэхэм нэмыщІ, тхыпльм фыщрихьэлІэнущ Гъубжокъуэ Лиуан Іэрыгтыкъу кьигъэнэ усыгъэхэми - ахэр иджыщ дуней щыщІыхьэрэ щыщІым зи кІэрыгъэу, курыт еджапІэм и щІэныгъэ.

Сыт щыІэн сабий бгъэгуфІэн нэхъэр нэхъыфІ?! Гу кьабзэ, псэ хьэлэ зиІэ усакІуэм тхыпльр редакцэм кьыщыгъэсыгьхьам и гукъуэу нэхъыщІхъэ дыдэу кьыгъэщащ сымытхэм сльэкІынукьым. Лиуан и гур зэрыгурыр сабийр зы щыгугуфыкІыныкІ тхыпльр зыхуэтхэ щыкІуэм ирищэну зэрыхуэмейрщ, ригъэнэну Іэмал зэримыІэрщ.

- ЩІэ кьесхьжьащ мы тхыпльр уэ кьыпхуэсхьыну, - кьызэжеІэ Лиуан, - си Іэм Іэщіэтыр кьызыблэзмыхьфын уэрамым сыщыхуэзэм, абы естрэ зетъэзэжурэ. НтІэ сыт хьунт зэІущІэхэр курыт еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм кьыщІэзэдгъэпэщурэ абыхэм ящІыгъэ.

ЕкІуэлІэ щІыкІуэм тхыпльр зырыкІэ дахуэпсэфтэмэ, «Ди Іуэ», «Хьэринэ», «Гъатхэ», «ЩІыІэ», «Чыщі цІыкІуитІ», «Жейнэд», «Дзыгъэнэф», «Шы цІыкІу», «Си кІэакІыпІ», «Сызеікуакъэ?», «Дадэ и сурэт», «Іпэ уэс» жьыпІэми, адрей усэ щыкІуэрэ школым зи кІэрзэу, курыт еджапІэм и щІэныгъэ щІэщІ, гукІэ псынщІэуи кьапхъуэтэфынущ. ЖьытІэхэм щыхьэхэт тхьэгъэу дыхуейт зы усэ цІыкІу мы тхыгъэ кІэщІым хэдгъэхьэну.

Гурэ

Гурэ и кІэр жьауэу Кьызэпыпхъуэтащ.
Хьэфэ топ гъэпщащэу Бгъэр кьырагъэпщащ.
Гурэ кьафэчьакъуэщ,
И щхьэр кьафыхьыжь.
Сыфынат зэ закъуи,
Кьызэпхьыдэщ фЫхи
Хъуащ ар нэхъ ныжь!

Апхуэдэу зытхыфынур, шэч льэпкъ хэмылъу, сабийр фЫ дыдэу зыпльагъу, абы и бзэр, и псэр кьызыгурыІуэ щІыхуэщ. ЩІэбгъэм я гум кьыщтэн усэ цІыкІухэмкІэ дяпэкІи Лиуан дигъэгуфІэну ди гуапэщ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сабийхэр зыщыгуфІыкІын тыгъэ

и пэщІэдзэ классхэм щеджэ щІыкІэхэм хэбдзын хэмылъу зфІэгъэщІэгъуэныну защІэщ, гукІэ псынщІэуи кьапхъуэтэфынущ. ЖьытІэхэм щыхьэхэт тхьэгъэу дыхуейт зы усэ цІыкІу мы тхыгъэ кІэщІым хэдгъэхьэну.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Медалым и лъэныкъуитIри

Гуп сэхуу сыщIэдIуащI УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Федеральнэ Зхэхэсым хэтхэм зэрызэхуигъэзам, абы кIэрадым и щIыхубзр кIыхьыридзакIэм, Iущ1уи си нэгу кIыщIыхьащ медалышхуэ, и зы лъэныкъуэр (Iуплъапlэр) нурыбзу, гъепльафIэу, уи гур зыIуту: адрей лъэныкъуэр нэхъ фадэжу, гурымыхъ щIыхьуу.

ПРЕЗИДЕНТым и псалъэм и «IэфIыпIэщ» (медалым и IуплъапIэщ), дунейпсо экономикэ кризисым и пльыфэхэм емылытауэ, ди хуэдизкIэ и промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, егъджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм дяпэкIи зауэныбжьмкIэ щэсыпIэ, гугъапIэ кыдэдэыт Iуэхугъуэ пыухыкIахэр, кIалэныщIэхэр зэрызэхахьар, ахэр гъэзэщIэным гулыытэ ин хуащIыну унафэщIэхэр зэрыхущIэкъур къэзыгъэлъагъэ Iыхьэр. Абы кIыхьэрыхьащIыкIэ, Урысейм зыщыдэбгъу демократие институтхэм. Псалъэм папщIэ, Конституцэм «щIекъуэз» Правительствэм, депутатхэм, кулыкъуэхьхэхэм я лэжьыгъэр, хуитыныгъэ нэхьыбэ ягъуэт оппозицэ партхэм, суд колегиехэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм тIлажьэ системэхэм, зэхъуэкIыныгъэфIэхэр къапоплъэ дзэ кулыкъым хэтхэм я псэукIэм, лэжьэкIэм, кIыгъэсэбэп Iэмалхэм.

А псори, даун, хъарзынэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Президентым кIыпIуэва кIалэныщIэхэм, къэгъэсэбэныпхъэу кIыгъэлъэгъуа IэмалышIэхэм яхэтщ «Пасхьэхэри», арэзы узытемыхьуэхэри, ахэр гъащIэм хэпща зэрыхъунымкIэ фIэщхъуныгъэ къозымытхэри (зи гугъу сщIыр медалым и адрей лъэныкъуэрщ). Къэбгъэльагъуэмэ, гурыIуэгъуэжьым хьэгъэщагъэ зезыхьэурэ къэралым и пIэкIэ, щIэрыщIэу дэIэпыкъуныгъэщхэу (сон триллионитху!) щIагъуэтынур. Щыхубзм и кулеиныгъэр зэхэзыдыгъуэжа олигархэри, щIэтхэзэвэн льэпкъ щымыIэу, дяпэкIи зэрыхэчэгу (хэт хамэ къэрал футбол командэ къыщэхуу, хэти уней кхъухьшхуэ иригъэщIу е «щIапэ зэригъэгъуэту) псэуну икIи нэхъ Iеижу дыгъэну, зыри кьапэрымыуэну я «пIэхэм» кьонжьи. Псалъэмакъ «гъуцI» Iэдж зыхуаIэта Iуплъхьэшхэрэ, кьызэрыщIэкIымкIэ, дяпэкIи («Iэбэми» хъунущ: ахъшэу сом минитху нэхърэ мынэхьыбэр, депутатхэм кьызэралытамкIэ, «тыгъэ щыкIуфэкIи» къудейщи!

Нэгъэущ («ПасхьапIэкIи» щыбгъэутынущ Президентым и кьыхуеджэныгъэхэм. Абыхэм гуитIщхьитI ящI, уагъэпIейтей, уагъэгуэзэ» (си щхьэкIэ си гур мэгъу «кризисым зэрэлар щыдохъумэ» - жаIэурэ ягъэкIуэщI Стабилизацэ фондыр зыгуэрхэм яIэщIэшхыхьыпэнкIэ).

ЩIэджыкIакIуэм къыфIэщIыну сыхуейкъым ди къэралышхуэм и Президентым сыхуэхъущIэ хуэдэу. Зызымысжьынщи, сигу ирохь Медведевым и ипэрей лъэбакъуэхэр. Псом хуэмыдэу сфIэкъабылыр ар лIыгъэ хэлъу Абхъазымрэ Осетие Ищэмрэ кьаэзэрыщхьэщыжьар, гущIэгъунщагъэ ин зыхэлъ курыкIуэхэр ехуэжьажьым зэрыхэлIыкIыхьар. Сыхуейщ нэгъэущ и Iуэхугъэщафэхэр ткIийуэ, захуагъэм тету, зэпэщу икIи ныкъусаныгъэншэу ирихьэкIыну.

Щрырет кьабзэу икIи дахэу зи гугъу фхуэсщIа медалым и лъэныкъуитIри!

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэбий.

● Обозревателым и псалъэ

● Iуэху еплъыкIэ

ХАЗИН Михаил:

Илъэсищ нэхъ дэмыкIыу

мелардырыбжэхэри къулейсыз хъунущ

Илъэситху и пэкIэ «Комсомолкэм» и щэнхабзэ къудамэр сIэщIэлъэ. Тхыль тедзапIэкэм къытхуагъэхьа тхыльыщIэхэм сахэплъэурэ, си нэхэм «кьафонэ» «Америкэмрэ доллармрэ и къухьэжьагъуэр кьоблагъэ» тхыльыр. Ар зи Iэдакъэщ1экIыр Америкэр зыубгрей щIэныгъэлIхэм ящыщ1эхъым, куэдым а зэманым ямыцIыху Хазин Михаилт. ЭкономикэмкIэ обозревательэ Анисимов Женя пщэрыльэ хуэсщIри, газетым къытедзэгъащ интервью пIащ1э, Америкэм и тещ1эхъуэм мыгувэ кIэ зэгурымыIуэу къуэуцIэ.

Хазинрыр экономист тхьэгурымагъуэу къыщIэкIащ. Абы зи гугъу къытхуищIахэм я нэхьыбапIэр нобэ дунейм хэIущIыну щыхъущ. Ар сфIэгъэщIэгъэну, Леонид и къуэ Михаил щIэрыщIэу сопсалъэ.

- Сыт хуэдэ щыкIэкIэ къэпщIэфат дуней псор экономикэ кризисым зэрыхэхьэгъуэнур?

- 1997 гъэм Кремлым къыщызэрагъэпэщат УФ-м и Президентым ЭкономикэмкIэ и Iуэхущ1апIэ. Абы сыщылажьэрт, унафэщIым и къуэдзэу. Урысейм экономикэмкIэ и щытыкIэм теухуауэ доклад Ельциным хуэдгъэхъэзырын хуеиуэ кьалэн къыщащIри, зыкъомрэ абы делэжьащ икIи, дыхуей-дыхуэмейми, хьэкъ тщыхьащ 1998 гъэм ахъшэкъм я уасэр ямылеиуэ зэрехэухьнур, ар къэмыхьун щхьэкIэ кьэралым и экономикэ политикэр икIащIыпIэкIэ зэрихьэжьыхьэр. Апхуэдэ гупсысэхэр хэдгъэхьат докладым.

- А тIэ ар дауэ къыщыхъуа Президентым?

- Зыуи. Докладым еджар Ельцинымрэ абы и администратцэм и унафэщIу щыта Лившицэт. Абыхэм кьафIэщIагъэнущ «ГКО-валютный коридор»-кIэ зэдзэ я бизнес-проектым зэран дыхуэхъункIэ хуэну. Си кьулыкъым сыкъытраГъэкIри, Кремлым сыкъыдэхуэжьагъащ (Зи гугъу сщIа бизнес-проектыр хьэгъэщагъэшхуэ зыхэлът. УФ-м и Правительствэм зъеркIыхуэ кьызыпэкIуэ обли-гацэхэр игъэхъэзырауэ КъухьэпIэ кьэралхэм ярищэрт). Мазэ зыбжанэ нэхь дэмыкIыну, щыщхьэу мазэм, нэрыпIагъу кьэхъуащ «дефолт» щыслъхьащIэр. Абы и щхьэусыгуэхэр кьэхтэтхуэр, гу лъытташ мыгъуагъэиным и пIъуэжьхэр США-м кьызэрикIым. Абы и рынокыр дунейм тет кьэралу псоми апыщIауэ, ятехьэлъэу зэрыщыщIыр къыщыдгурыIуэм, «Эксперт» журналым къытредгъэдзащ тхыгъэшхуэ, американ экономикэрэ щыхупIэ щынагъуэм зэрыхуэкIуэм, абы и щхьэусыгъуэхэм ятеухуауэ. А щхьэусыгъуэхэм я хэкIыпIэр, апэрауэ, хьэпшIыпхэм щIэупщIэу яIэр нэхъ мащIэ зэрыхъурщ, етIуанэрауэ, капиталыр хамэ къэралхэм нэгъэсыным пыща гугъуехьэхэщ. А IуэхугъуэтIым я «пIыхьэм» кьаIэщIэкIыН я гугъэу, США-м и унафэщIхэм щIадзащ а ахъшэхэр ягъэбагъуэу, хамэ къэралхэми мыгъукуIэ «ядэIэпыкъуу».

- Нэгъэущ жыпIэмэ, ахъшэ зэращI станокхэр даджьу ящIыщащ?

- ИтIэ. Къэралым и хьэкIэ хъэпшIыпхэм щIэупщIэу яIэм хагъэхъуащ. «Вагъуэ зауэхэр» программэр зэхалъхьащ. ЩIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэр яIэтащ. СССР-р зэпкърагъэхури, нэгъэущI зыкъомри яхъэсфIэкIащ. ЩIыхуэ кьащтэурэ, щIыхуэхэм я псэукIэр куэдкIэ иратеIэфIэкIуащ. Ауэ, зэрыгурыIуэгъэущ, щIыхуэ защIэкIэ упсэуфынукъым - ахэр пшыныжьым хуейкъэ? Хуейщ, дауи. Ауэ американхэм кьаГъэсэбэпыр нэгъэущ «хъкIыпIэхэрщ». Псалъэм папщIэ, я Iуэхугъэр фIыуэ екIуэкIыу жаIэурэ, щIыхуэхэр кьаГъэпIэнущ, ягъэбэлэрыгъынущ, ИтIанэ «мыращ, моращ кьуанщэр» жаIэурэ, хейхэр зэкъэхуэ ящIынущ. Хеблэмэ, 2001 гъэм зэращIам ещхьу, теракт абрагъуэр кьыхэзрагъэпащынущ.

- Ар пэжу пIэрэ?

- ШэчI пъэпкъ зыхэмыпIащ. ЩIыхубзр IумпIафIэ хъун щхьэкIэ, бгъэшынэн хуейщ. 1898 гъэм, Испаниен зауэ иращIыпIэм щхьэкIэ, я кхъухьышхуэ-броненосец «Мэн»р Панамэм пэгъунэгъуэ щыщIрагъэпъэфат. Ар фIэгъэнапIэ ящIщ, кьуанщагъэр Испаниемрэ трапъхьэрэ, абы кьыгъэхыгъащ Филиппин хыгъуэхэмрэ Кубэмрэ. Апхуэдэ щапхъэхэр мащIэхъым. Вьетнамым теуэным и пэкIи, американхэм я кренсерыр якъуэ ткIийуащ. 2001 гъэм «Эксперт» журналым и сайтым щыжьысIат американхэм теракт нэ ешхъэм я IэкIэ кьызэрагъэпэщу, абыкIэ Бен-Ладен Хамэ я кущнэу кьыщIрагъэдзынкIэ зэрыхъунур. Нобэр кьыздэсым си псалъэхэр итщ зи гугъу сщIа сайтым.

- ПэщIэгъэущ, Зэрыжьыпам ещхьыркъабдзэн ящIащ, унэ гъагъэ абрагъуэнтIыр кьагъауэрн. Ар кьызэрыхъунур дауэ къэрыщIэфат?

- США-м и экономикэр екуэхыпат - цIыхубэм жраIэнур ящIэрэтэкъым. Терактыр щхьэусыгъуэ ящIри, экономикэм унафэ зэрыхуащI щыкIэр щIакъузащ.

- Кризисыр кушIежьар хы адрыщIыр зэрыарам арэзы сытохъуэ. КьыдзэгурымыIуэр мыращ: сыт а къуденсыщIэгъэр нэгъэущ къэрал куэдми щыкIэсар?

- Долларыр дунейпсо сатум и банкхэмэ щызэкIуэ ахъшэщ, валютэщ, хьэпшIыпхэм я уасэри зэраубзыху Iэмалщ. Абы и мыхьэнэр щыинщ дэнэ щыпIи. США-м и унафэщIхэр хущIокъу я экономикэ, политикэ, социальнэ убзыхуэхэр зэрахъумэным. Абы хуэунэтIауэ кьагъэсэбэп Iэмалхэм яхэпIыпIэ хъунущ Обамэ Барак президенту зэрыхахарр.

- Сыт абы кьнбгъэкIыр?

- Кьэралым и унафэщIыр, хуей-хуэмейми, мылажьэу, экономикэр кьэзэтыжьыным емынугъуэ хьунукъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, куэдым яги иримыхьын унафэ гуэрхэри пхигъэкIыпIхьэщ. Иджырей США-м апхуэдэ кьаIэнхэр щызыгъэззащIэ. Обамэ хуэдэ унафэщIыр, Нэгъэущ1у жыпIэмэ, къуэхьышхуэ, фIэлIыкIышхуэ зимыIэщ. Сыт щхьэкIэ? «Ухъурыкъым» жраIэу, щIэх дыдэу и кьуэлыкъым кьыздэгъащIэ зыкIыфIи хуэдэу.

Сыт хуэдэурэ США-м и унафэщIхэм защIми, абыхэм зыри яхуещIэнжьым кьатегупIа кризисым - ар Америкэмрэ, Европэм и кьэралхэми бжьы зыхэпъэу дяпэкIэ ятелъынущ иIьэсипщI-пщыкIуГ хуэдизкIэ.

- У рысейри абыхэм яхиубыдэнэ?

- Урысейм и Iуэхуэр нэхъыфIу щытын хуейт, абы щIыдагъэр, газыр, нэгъэущI щIыуэпс кьуленГъэри зэрыкуэдыр кьэпIелытагъэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъэнщи, финансхэмкIэ влластыр зыIущIэтхэм я политикэм ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ. Абыхэм я зэранкIэ ди щIыпIэм нэхъыбэ щыхъунущ лэжьапIэнщIэхэр, кьулейсызхэр, щIэпхъаджащIэхэр.

- Щыхуэхэр умыгъэщIынэ. Къэралым и упрабленэ зэрыщIыну куэд хуаутIыпщ экономикэм и Iэнатlэ зэрыщIэужьыгъуэхэм.

- Iуэхуэхэр зэпэщу екIуэкIмэ, гъатхэм дынэсыпхьащ кьайгъэнэсу. Мылькуэхэр зэхадыгъуэжьмэ, щIэх дыдэу кьыщIэщынущ кьулейсыз кьызэрыхьуэр. КьызэрыщIэкIымкIэ, ахъшэр псори кьыздомэщIыкI. Псори Правительствэм иолъэу, уеблэмэ мелардырыбжэхэри - ахэри кьулейсыз хъунущ, илъэсищ нэхъ дэмыкIыну.

- Доллардырыгъэ евразмрэ сыт кьыапплъэр?

- Ахэри ехуэхьнущ. ЩIыхуэ-хэм ящIэн хуейщ гъьхэнэ гугъуэсыгъэм дыдэзэрыхьхьар, нэхъыбэрэ захъуэмэщIыбгъэ щхьэкIэ.

Зи гугъу къытхущIахэм узыщIыгъуфIыкIын яхэмылъми, Хазиныр кьыдэнсэпъыпIащ нэщхьыбгъуфIэу, и пащIэкIэ щIэгъуфIыкI зэпыту. Дэрэ дывмыгъэнэщхьеи, нэхъри дыдэхьуэвгъэувэ. Дызэкъуэтэ, сыт хуэдэ гугъуехьхэри кьызэдгъэкIыжьынкIи.

ЧЕРНЫХ Евгений.
«Комсомольская правда».

ДЫДУ Владимир Зырамыку и къуэр

Эрэлащхьэм и хозяйствэм щIэгъэхуэзбжьауэ зиужьащ.

1970 гъэм Дыду Владимир КъБАССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу яГъэуващ икIи а кьулыкъур абы илъэс 15-м щIигъукIэ ирихьэкIащ. А зэманым кьриубыдэу абы кьыгъэлъэгъащ зи Iэщ1агъэм хуэIэзэ унафэщIу зэрыщытыр. Абы и фIыщIкIэ а лъэхъэнэм кьриубыдэу кьызэрагъэпэщащ телевиденэмрэ радиовещанэмрэ я иджырей мылькуэ-техникэ гъьабжьр. Дыду Владимир иригъэкIуэна лэжьыгъэр кьежьапIэ хуэхъуащ ди республикэм телевиденэмрэ радиомрэ зэман кIыхьым кьриубыдэу зэрыщащужьам.

И гъащIэ псом Дыду Владимир цIыху жыжьэру, респовскэ кьуажэм 1931 гъэм Жылагъуэ-политикэ Iуэхуэм я курыкупсэм хэту кьежьапIэкIащ. Ар ВЛКСМ-м и ЦК-м и членхэм я кандидату, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и членэу, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ.

Дыду Владимир цIыху къызэрыгуэкIт, и лэжьэгъуэхэм гулъытэшхуэ яхуищIырт. Абы пщIэрэ щIыхьэр щIи1эт кьыдэлажьэхэм, къэкIыпIа кьалэ комитетымрэ.

Дыду Владимир и Iыхьлъэхэм, и ныбжьэгъуэхэм, и лэжьэгъуэ щытхэм я гум къиинэнщ абы и губзыгъабэу, цIыхуфIагъэу щытар, хэпъа гуапагъэмрэ гулъытэмрэ.

Къанокъуэ А.Б., Бечелов И.Б., Ярин А.В., Къажэр А.Хь., Тхьэзэплъыкъ М.ТI., Берд Хь.А., Бозий Н.М., Вэрокъуэр В.Хь., Жаныж Р.М., Зумакъов Б.М., Дышэкъ М.Р., Мазыхъэ Б.Б., Пэнэшокъ М.А., Сабаншы Р.Къ., Созаев А.С., Тау П.Къ., Фырэ Р.Б., Федченкэ Л.М., Хьэгъэс З.А., Чеченов А.А.

Хьэрычэтым берычэтыр къыдокIуэ

Зи гугъу тщIыр Новороссийскщ. Ар и теплъэкIэ дахэ дыдэщ. Тенджыз Iуфэм Iутщ, фэеплъэмкIэ, утхэмкIэ, унэ дзгъуэхэмкIэ, жыг хадэхэмкIэ кьулейщ.

А ПСОМИ кьадэкIуэу, экономикэ и лъэныкъуэкIэ ефIакIуэ зэпытщ. Краснодар крайм улахуэ нэхъыбэ дыдэ цIыхухэм кьыщIахь жьылагъуэр мы кьалэрэщ. Новороссийскщ лэжьапIэншэхэр щынэхъ мащIэри.

Зи гугъу фхуэтщI еуфхуIэнкIэхэм я лъэныкъуэ хьэр транспорт зэмылIэужьыгъуэхэрщ. Псом хуэмыдэу кхъухьхэрщ. «Кьалэр зыгъашхэр тенджызырщ», жаIэ мы щыпIэм щыпсэуэхэм.

Куэд елыытащ жьылагъуэр зыщIэлъыр щыхуэдэм. Новороссийск и унафэщIыр кьыщащIыу, Лэжьыгъэм и ЛIыхьужь Синяговскэ Владимирщ. Ар IуэхуэфI куэдхэмкIэ жэрдэмщIакIуэщ, зэфIэкI зиIэ IэщагъэлIщ. Абы и щапхъэу кьэхтхьынщ зы закъуэ. Иужьрей илъэситхум кьриубыдэу кьалэм и бюджетым зиIэтащ сом мелуан щихьмк кьыщыщIэдзауэ мелардиплпм нэсыхукIэ. А бжьгъэм куэд дыдэ кьыжьжеIэ.

МАЛЬШАКОВЭ Людмилэ.
«Северный Кавказ» газет.

● Тутнакъэщхэр

ЗылъэмкI бэшэчщ

Мы зэманым Урысей Федерацэм и тутнакъэщхэм щаIыгъщ бзылъхугъуэ мин 60 хуэдизу (тутнакъ псомэ я процентитхур). А бжьыгъэр ин дыдэ хуэдэхъыми. Ауэ абы и «лъабжьэм» щIэлъщ мыгъагъэ Iэджэ. Ежьлейсыгъэр, зеиншагъэр, лэжьапIэнщагъэр, нэгъэущIэхэри.

БЗЫЛЪХУГЪЭХЭМ ялэжь хабзэншагъэхэр нэхъыбэу зыпыщIар фыгъуэ-ижэрщ, «лъыщIэжырщ», дахэ-дахэу зэрымыпсэурщ. ЗакъуэтIа кьуэхэщ цIыху зыуэкIэр, хъунщIакIуэхэр, дыгъуэкIуэхэр.

Психологхэмрэ криминалистхэмрэ зэрыжаIэмкIэ, цIыхубзхэм щхьэусыгъуэншэу лей зэрахьэрэкым. Ахэр тэмакъкIэщIщ, кьэгуфбжьыгъуэфIэщи, я «ззэыр» тракъутэ гъэм хьэкъуэншэкIэхэм.

Хабзэншагъэ ялэжьа нэужь, бзылъхугъэхэм, щIегъэжу, я щхьэр зыфIаудыжьыкрым. Захуагъэм и уэчыпу зыкъалъытэж. Тезыр ткIий кьаэзрыпэплъэр зыхащIэми, бэшэчу зыIыгъщ, я нэпсхэри зэрахуэзфIэкIкIэ ягъэнщIкIу.

Харьков дэт тутнакъэщым и лэжьакIуэу щыта Курьянова Викторие къызэрИуэтэжамкIэ, милицэм хэтхэр тутнакъ хьуа бзылъхугъэхэм яхуэпхьащIэщ: щхьэщыкIэкIэ кьралъэфкI, я напэр кьрахулэкI, хьэфэ башкIэ яубгрэжь, хуэанэщIанэурэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьаумыс ялэжьа хабзэншагъэхэмкIэ. ЗыкIи кьахуэмыхашэхэри щIыIэщ.

Бзылъхугъэм, зэрыжаIэщи, и фэр Iувщ, гугъуехь псори егъэбжьф, хуэм-хуэмурэ йосэж тутнакъэщ гъащIэм, кьабзагъэм пэIэщIэм, щыгъыныншагъэм, хабзэ тIкIийкэм. Уэндэгъуэхэр щIыIэщ уэзнщIэхэр зыщIэс пэш Iэззэблъэзэвэхэм, хуабэмрэ тутын Iугъуэмрэ щытепщэхэм, зэрагъашхэри адрейхэм ещхьщ.

Льхуэ нэужь, куэдрэ щамыгъэсу, лэжьыгъэ хэлъым пэрытхэм кагъэхьэж. И сабийр щрагъэлъагъур бгъэкIэ щигъашхэ зэман мащIэрщ. ИлъэситIым зи ныбжьыр щхьэдэха сабийхэр, я анэхэм кьыIащIэхри, щхьэхуэу япI. Ари кьэпльытэмэ, жыпIэ хъунущ бзылъхугъэ тутнакъэщ щIыхуэхъэжьм нэхъыбэрэ гугъу ирагъэхьу.

САМОДУРОВ Вадим.
«Аргументы недели».

НагъкIуэщIыр зыгъэхъэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэбийщ.

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIынальэм щыхъыбархэр

✱ Ставрополь крайм и правительствэм унафэ кьэщтащ 2002 гъэм зи унэхэр псыдэзэм зэхиху-тахэм ахъшэкIэ защIэгъэкьуэным теухуауэ. Крайм и бюджетым щыщу а мурадым хухахащ сом мелуан 379-рэ.

✱ Урысейм и Азербайджанымрэ я сату зэпыщIэныгъэхэр ефIакIуэ зэпытщ. Азербайджаныр и лIыкIуэу Урысейм щыIэ Щедрин Юрий зэрыжиIэмкIэ, дыгъэрыт илъэсым кьрыубыдэу кьэралитIым сату эдэданыну доллар мелардитIым щIигъу зи уасэ я хьэпшIыпхэмкIэ.

✱ Хьэрычэтыщ1э Тимченкэ Верэ и жэрдэмкIэ Ростов областым щаухэунущ сабий зеиншэхэр зэрэзыщIэ-ла унагъуэхэр зыщыпсэуну жылагъуэщIэ. Абы дэтынущ сабийхэр сыт и лъэныкъуэкIи щытыншыну унэ дэгъуэхэр. Жэрдэмыр игу ирихьащ областым щыщIэзэрагъэпэщащ Iуэхущ1апIэм - хьэрычэтыщIэхэм я клубым. Ахэр Тимченкэ дэIэпыкъуну хьэзыщ.

«Северный Кавказ» газет.

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт хьэ хьэулейхэр апхуэдизу щIызэщхьыр?

Урысейр Кубэм щызыхуэхкIэ аргуэру дэIэпыкъуну ягъэхъыбар. Сэ кьызэгурыIуэркъым абы и мыхьэнэр - хэти ещIэ а щIыхуэр зэи кьызэрыдамытыжьынур. Ар хьэдэгъуэдахэхъэ?

Усольский О., *Нижневартовск.*

Политикэ конъюнктурэмкIэ центрым и унафэщI **Абзалов Дмитрий** жеIэ:

- Кубэм щIыхуэу доллар мелуан 335-рэ ирагъэнущ, апхуэдизу ахъшэм кьыщIэкI хьэпшIыпхэр Урысейм кьыщищэхун щхьэкIэ. А зэгурыIуэныгъэр ди къэралым и дежкIэ фейдэ зыхэлъщ. Сыт щхьэкIэ? Ялэрауэ, ди къэралым и ихьэшIыпхэр щащIэхун щIыпIэхэр зыIэригъэхьэныжьмкIэ. ЕтIуанэрауэ, Кубэм, Венесуэлэм, нэгъэущI къэралхэми и лъэр щигъэбыдэмэ, Урысейр абы зэи хущIегъуэжьынукъым. Гу зылъытапхэщ мыри. Ди къэралым и финанс Iуэхуэхэр дунейпсо кризисым кьыIэщIихьыным тригъэкIуэдэнущ сом триллион зыбжанэ. Белоруссиемэ къигъэуущ щIыхуэу етIынущ доллар мелардитI. А бжьгъэхэм ельытамэ, Кубэм дызэрыдэIэпыкъур «хьэдэгъуэдахэу» кьыщIэтIыпIэм щIыIэкъым.

Украинэм ис куэдыр Урысей телеканалхэм еплъыкIыркъым. Сыту пIэрэ абы и щхьэусыгъуэр? Урысыбзэр ящыгъупщэжауэ, къагурымыIуэжу ара?

Теньков И., *Кьэзан.*

«Укркоммуникацие» агентствэм и унафэщI **Тергиенко Ириндж** кьызэрыжиIамкIэ, мы гъэм щкIыгъуэгъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ ятэ, РТР, Рен-ТIэ, ТВЦ канал-хэм я нэтынхэр Украинэм и щIыпIэ зыкъомым щагъэльэгъуэжьркъым. Ар зи унафэр радиомрэ телевиденэмкIэ Украинэм и Пэлъэрэ я советрэщ. Зэрыгурыуэгъуэщи, унафэ мыхьэмыщIэм зэгуёгъэ пI мы щIыналъэм исхэр, псом хуэмыдэу урысыбзэкIэ псалъэхэр. Абыхэм яфIолыкIри, зи гугъу тщIа телекиналъэхэм я лэжьыгъэр кьыдэтрагъэувыIэркъым Запорожье, Луганск, Одессэ, Харьков кьалэхэм я унафэщIхэм.

«Ипотекэ» жьыуаIэр (банкхэр ядаIэпыкъуурэ унэ егъэщIыныр) кьыщIагупсысар. Сэ кьызэрызэгурыIуэмкIэ, псэупIэ зимыIэхэм, хуэмыщIахэм зыщIагъэхъуэн папщIэщ. Ауэ, кьызэрыкIэмкIэ, щIыхуэ кьэзыщтэхэм банкхэм ахъшэ куэдыIуэ иратыжьын хуейуэ кьатохуэ. Банкым и унафэщI гуэрым жиIэу зэхэсхащ щIыхуэу кьыпIэрыхьам и процент щащIыну куэдизыр лейуэ банкым пIихьжьынщ тэмэму кьэлъытапхъэу. Ар дауэ кьызэрыгурыIуэнур? Ипотекэр зыхуэлажьэр мелуанырыбжэхэра? Хамэ кьэралхэм мы Iуэхуэ дауэ зэрыщыщIытыр?

Кравченкэ И., *Рыбинск.*

Хамэ къэралхэм банкхэм щIыхуэу щатым и лейуэ ахъшэу кьыщIахьжьар процентитху-хы хуэдизкIэ нэхъ мащIэщ, ди къэралым еплъытмэ. Фэтэр езыгъащIыну банкым щIыхуэ кьеIызыхам, ику иту кьапщтэмэ, сом мин щитI хуэдиз мазэ кьэс кьилэжьын хуейщ, щIыхуэр зытригъэкIыжьыныр хуэзофIэкIын папщIэ. Ауэ куэдым зэращIэщи, ди къэралым и цIыхухэм я нэхъыбэм я мазэ улахуэр мащIэ дыдэщ. Сыт абы ксикIыр? «Ипотекэ» жьыуаIэр «куэдыпрхуаэ» кьэтпльытапхъэщ. АбыкIэ, дауи, кьуанщэщ банкир нэпсейхэри сондэжьэрхэм япэмыуыбыф кьэрал хабзэ мылъхуэсхэри.

ЩIыдагъэ куэду кьыщыщIэпш хуэну щIыпIэщIэ ди къэралым кьыщагъэтэуэ жаIэ. Ар дэнэ и дежь зыхуэзэр?

Тимофеевцев Г., *Томск.*

УпщIэм жэуап кьрет ЩIыдагъэмрэ щIыпхъэ газымкIэ институтым и унафэщI, академик **Дмитриевский Анатолий**:

- Ярославлым ди зы гъэпсыкъ щIыпIэ Каспий тенджызым и Iуфэу Урысейм Iэщ1эльыщ. Абдежым щIыдагъэу кьыщIэпш хъунущ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, тонн мелуан 900-м щIигъу.

Мыгувэу лажьэу щIадзэнущ Сыбир Жыжьэм щIэ щIыдагъэ кьыщIэшIэпIэ зыбжанэм. ЩIыIуэпс газым теухуауи хьыбарыфI зыбжанэ щIыIэщ. Астрахань къэралым и Iэгъуэблагъэхэмэ Iущ1эм областым и ИщIхъэрэ лъэныкъуэмкIи газ гъэтIылъыгъэшхуэхэр щIыIэу кьыщIэкIащ.

Фошыгъуэ щхьэкуцIым сэбап хуэхъуу куэдым жаIэ. Ар пэжмэ, сыт а ерыскъым «ажал хужь» фIэщыгъэщIэри щIигъэтар?

Тягны-Рядно Н., *Таганрог.*

Эндокринологиемрэ ДиабетымкIэ ФГУ-м и унафэщIым и къудэз, медицинэщIыныгъэхэм я доктор Фадеев Валентин кьызэрилъытэмкIэ, фошыгъуэ углеводхэр куэд дыдэу зыIыхьэ ерыскъым. Ар щхьэкуцIым хуэщхьэпIэу жызыIэхэм пцIы яупс. Шэч зыхэмылъыр мыращ. Къэхутэныгъэ зыкъомыр щыхьэт тохьуэ углеводхэр куэду зыгъэкIуэщIхэм фошыгъуэ диабет, рак узыфэхэр къеуэлIэнкIэ, щ1 куэдыIуэ зытращIыхьэнкIэ зэрыхъунум.

Унэм щагъэ хьэхэр, я лъэпкъкIэ зэрызэмыщIхьэм, хуэдизу, я теплъэкIи зэмылIэужьыгъуэщ. Ауэ хьэ хьэулейхэр, кьызэрысфIэщIыкIэ, дэнэ щIыпIи щызэщхьырыкъабзэщ. Сыт ар кьызыхьэкIыр?

Цепкий В., *Москва.*

РАН-м и Зоологие институтым кьызэрыщыджалIамкIэ, пэжщ хьэ хьэулейхэр зыкъомкIэ зэрызэщхьыр. Абы и щхьэусыгъуэр мыращ. Хьэ хьэулейхэр унагъэхъхьэхэракъым нэхъ зэщхьыр, кьалэ кIуэщIи щIыпсэуфу зызыгъэса хьэкIэкхъуэкIэхэрщ. Ахэр гуп-гупу кьыздохъу, я Iусыр пльэнкIийхэм кьызащIыпыкIыурэ. Зэгъусэ кьудейкьым, зэрогъабгъуэ, зэдошхэ, зэдощакIуэ. Я теплъэкIи дуней тетыкIэкIи зэщхьэ мэхъуж.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» *газетхэм кьахэтхащ.*

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм махуэ зыбжанэкIэ щыIащ Тыркум щыщ Къайсэр кьалэм и унафэщI Охэсеки Мехмет зи пашэ лIыкIуэ гуп.

Хьэщ1эхэмрэ зэрыгъэхэмрэ зэпсэльащ хьэрычэт щIэн Iэнатlэм щызэдзлажьэным теухуауэ. ЛъэныкъуитIми я зэхуэдэ фейдэ хэлъу Iуэху зэдэщIэныкIэ яIэ Iэмалхэм и гугъу щащIащ республикэ бизнес-инкубаторым.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*